# ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ЭТНОГЕНЕЗИНДЕ ПЕЧЕНЕГЛЕР КОНФЕДЕРАЦИЯСЫНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Бердиев Ж. Т.**

*Инновациялық технологиялар университети*

Қарақалпақ халқының этногенези мәселеси Қарақалпақстан тарийхы илиминиң ең қурамалы машқалаларының бири. Ҳәзирги ўақытта тарийх илиминде бул бағдардағы илимий гүзар Қарақалпақстан тарийхы илиминиң классиклери есапланған С. П. Толстов [11], Т. А. Жданко[4], С. К. Камаловлар[5] тәрепинен ислеп шығылған. Олардың алып барған илимий изертлеў жумыслары барысында жаратқан «схемалары» бизге қарақалпақ этногенезиниң контурларын дүзип, бул мәселениң тосыннан жүзеге келген жағдай емес, бәлки Арал бойы топырағында терең тамыр жайған нызамлы процесс екенлигин көрсетип берди.

Жоқарыда айтылған алымлардың Қарақалпақ халқының этногенези бойынша усынған концепсияларында печенеглер конфедерациясы айрықша орын ийелейди. Заманагөй историографияда печенеглер этносы ҳаққында, оларды Евразия саҳрасынан жедел рәўиште жүрип өткен қандай да бир «транзит» этнос ретинде қаралатуғын болса, биз керисинше, печенеглердиң төменги Сырдәрья ҳәм Әмиўдәрья регионы ушын, әсиресе бул жердеги жүзеге келген этникалық қубылысларда печенеглер дәўириниң әҳмийети айырықша болғанлығын атап өтемиз. Себеби печенеглер бул жердиң тарийхында әсиресе этникалық қатнаслар мәселесинде жүдә әҳмийетли из қалдырған. Бул дәўирге этногенетикалық позициядан нәзер салғанда жүдә қурамалы қубылыслардың жүзеге келгенин, қарақалпақ халқының этникалық «өзеги» қәлиплескенин көремиз. Печенеглер дәўириндеги пайда болған бул этно-сиясий шөлкем өзиниң кейинги әсирлер барысында, заманнның алғаў далғаўларында өзиниң усы уйытқысын жоғалтпай, сақлап қалыўға ерискен. Бул излердиң бири өзиниң раўажланыў жолын таўып, кейинирек қарақалпақлардың этнос сыпатында жүзеге келиниўине алып келген. Бул мәселеге биринши мәрте С.П.Толстов[11] өзиниң илимий итибарын қаратып, өзиниң дүзип шыққан қарақалпақ халқының концепсиясында усы печенеглер аўқамына қарақалпақ халық болып қәлиплесиўиндеги дәслепки уйытқы болған этникалық орай сыпатында қарайды. Оның бул усынған тезисиниң дурыслығы ҳәзирги қарақалпақ халқының этногенези менен шуғылланыўшы тарыйхшылар әўладын ҳайран қалдырады. Себеби сол дәўирдеги бул тема әтирапында мағлыўматлардың азлығына, бар болған мағлыўматлардың үзиндилик сыпатқа ийе болыўына ҳәм тарийхшылардың арасында мәселениң тартыслылығына қарамастан, гениал дәрежедеги жуўмақ шығарыўға ерискен. Оның бул исиниң әҳмийети сонда, ол усы туўры болған жолды дурыс таңлаўы менен, усы дурыс дүзилген концепсиясы арқалы кейинги әўлад тарыйхшыларын туўры жолға бағдарлаўға еристи.

Печенеглердиң генетикалық жақтан келип шығыўына итибар қылсақ олар ерте орта әсирлер дәўирине туўра келетуғын тарийхый дереклер бойынша теле қәўими менен байланыслы болғанлығын көриўге болады. Буған сәйкес Печенеглер (бечене) дәслеп Орайлық Азияның шығыс бөлегинде, соның ишинде түслик Сибирь ҳәм Алтай таўларының етеклеринде жасаған. Олар ҳаққында қытай жылнамаларында, «Суйшу» дерегинде «бэй-жу» ямаса «би-цзянь» деген атлар менен теле (телес) қәўимлериниң бир бөлеги ретинде көрсетилген[1. 214–216.]. Теле (телес) қәўимлери VIII ә. басларына туўры келетуғын мағлыўматлар бойынша, өзиниң қурамына киретуғын барлық урыўлар менен биргеликте 30 мың әскер жыйнаў имканына ийе болған. Буннан басқа бул да VIII ә. туўры келетуғын Орхон-Енисей естеликлеринде (Күлтегин ҳәм Билге қаған ескерткиштеринде) олар «кенгерес» атамасында ушырасады. Кенгерес атамасындағы этникалық бирикпесиниң локализациясы менен шуғылланған С.Г.Кляшторный оларды Сырдарья бойындағы қанғар-печенеглердиң сиясий бирлеспесине тийисли екенлиги ҳаққында жуўмаққа келеди[6. 160–163].

Печенег урыўының динамикасына итибар қылсақ, олар дәслебинде шығыс ареалларда жасаған бул теле группаларына тийисли болған руўлар қурамында Түрк қағанлығының дүзилиўи менен, түркютлар тәрепинен бағындырылып, оның қурамында «түркий кампанияларға» тартылады, батысқа қарай геополитикалық экспансиясының белсенди қатнасыўшыларына айланған. Усылайынша олар сиясий топарлардың белсендилигинде жүзеге келген миграциялық толқынлар барысында Сырдәрья оазислериниң жаңа этнополитикалық кеңисликлерине келип, усы жердеги ел менен органикалық енисип кеткенлигин шамалаўға болады. Себеби Түрк қағанлығы қулағаннан кейин жүзеге келген имканияттан пайдаланып, печенеглер көп узамай кең масштаблы жаңа сиясий күшке айланды.

Дәл усы ўақыттан баслап тарийхый мағлыўматларда — VII–IX әсирлерде — печенег конфедерациясы бурынғы Түрк қағанлығы мәмлекетиниң батыс шегараларында Сырдарья орта ағысы жағалықларынан баслап Урал бойларына шекемги кең пайтах аймақларда өз ҳүкимдарлығын жүргизген этно-сиясий бирлеспе сыпатында сәўлелениледи. Печенеглердиң бул этно-сиясий бирикпелери бул жерде, Шығыс Арал бойларында, Сырдарья жағаларында жергиликли каңғарлар менен дусласқан болыўы сөзсиз. Себеби, дәл усы аймақ печенеглерге тийисли болғанлығы ҳаққында тарийхый мағлыўматлар пайда болмастан алдын, бул жерлерде Қаңғарлардың жасағанлығы ҳаққында мағлыўматлар менен ушласады. Тарийхшылардың алдағы турған, анықланыўы керек болған мәселе бул усы Қаңғарлар менен печенеглердиң араласыўы қалайынша иске асырылғанлығы мәселеси болып есапланады. Бул Түрк қағанлығы дәўириниң ишки этносиясий дүзилисиндеги этникалық мәселелерди терең үйрениў арқалы иске асырылады. Бул қарақалпақлар этногенези менен шуғылланыўшы тарийхшылар ушын жүдә әҳмийетли. Себеби бул дәўирде С.П.Толстовтың көрсеткен дәслепки қарақалпақлардың «ядросы» шығыстан келген теле қәўимлери қурамындағы печенеглер менен жергиликли қәўимлердиң этникалық қурамы араласыўы менен, олардың органикалық бирлесиўи, синтези нәтийжесинде келешектеги қарақалпақ этносының өзегин қураған уникал этномәдений бирикпе жаратылады.

Қарақалпақ этногенезинде әҳмийетке ийе болған печенег урыўлары ҳаққында айтқанда, биз бәринен де бурын тарийхый дереклерде олардың қалай аталғанын көзден өткеремиз. Бунда печенеглер менен байланыслы болған ҳәр қыйлы этнонимлер формаларына ҳәм олардың ҳәр қыйлы интерпретацияларына дус келемиз. Олардың айырымлары арнаўлы илимий анализлердиң жуўмағынан соң барып ғана, алымлар тәрепинен сол этнонимлердиң печенеглерге тийисли екенлиги анықланған. Мысалға алатуғын болсақ, печенеглерди Қытай хроникаларында «бэй-жу» ямаса «би-цзянь»[12. 127-128] атамасында көрсек, византиялыларда пацинаклар[7], араб географларында — бажанаклар[10] ҳаққында айтылады, ал Орта әсирлерге тийисли болған Орхон-Енесей естеликлеринде болса Кенгерес[6. 160–163] аты менен көринеди.

Булардың барлығы печенеглер ҳаққында мағлыўматлар берип, печенег атамасындағы этностың ҳәр қыйлы дәўирине тийисли. Буны, Сырдарья ҳәм Арал бойларындағы печенеглердиң әййемги қаңғуй елиниң түркий экспансия дәўиринде жаңадан келип қосылған группалар менен бирлесиўи нәтийжесинде жүзеге келген қурамалы бирлеспе екенлигин ескертиў арқалы түсиндириўге болады. Бунда, бул печенеглерди буннан алдыңғы дәўирдеги Қытай жылнамаларында аты аталған печенеглердиң этникалық қурамының мазмуны жағынан өзгертилген формасы деп қараў керек болады. Бул болса, әўелги ҳәм соңғы печенеглердиң сыпаты жағынан еки түрли мазмунға ийе болған, бири екиншисиниң даўамы есапланатуғын бир этностың еки тарийхый дәўирдеги еки түрли көриниси екенлигин көрсетеди.

Түрк қағанлары өзлериниң империясын қурыўда печенеглерди өзлериниң батыс кампанияларындағы атланысларында әскерий күшлердиң қурам бөлегине кириўши көплеген урыўлардың бири ретинде пайдаланған. Усы түрк қағанлары армиясы қурамында бул урыўлар Арал бойы оазислери ҳәм саҳраларына да келип, бул жерде өзлериниң ата-маканынан узақласқан печенеглер жергиликли қәўимлердиң автохтон қатламы менен дусласады. Олар Түрк қағанлығы қулаған ўақытта тарқалып кетпестен, сиясий вакуум жағдайынан пайдаланып, өз алдына ғәрезсиз сиясий күшке айланады ҳәм Батыс Түрк қағанлығының сиясий мийрасларының әдеўир үлкен бөлимин өз қолына алыўға ерисип, сиясий мийрасхорына айналады. Нәтийжеде әўелги Қаңғарлар орнында «печенеглер конфедерациясы» пайда болады. Византия дереклеринде бизге мәлим болғанындай, печенеглер конфедерациясы қурамына кириўши, өзлерин Каңғар деп атаўшы, печенеглердиң арасында жоқары мәртебеге ийе болған үш «ҳүрметли» урыў ҳаққында айтылады[7]. Бул мағлыўматта келтирилиўинше, бул қаңғар урыўлары печенеглер арасында өзлериниң жаўынгерлиги, печенеглер арасында тутқан орны менен олардың арасында басқарыўшы топар стстусына ийе болғанлығы менен ажыралып турған.

Бул жердеги мағлыўматларда биз печенеглер қурамында жүрген қаңғар урыўлары арқалы Сырдарья бойларында хүким сүрген әййемги Қаңғуй мәмлекети менен тиккелей мийрасхорлықты көремиз. Соңғы изертлеўлер бул қаңғарлардың печенеглер конфедерациясының жүзеге келиўинде, олардың этникалық қурамына жергиликли қатлам сыпатында киргенлигин көрсетпекте ҳәм буны биз олардың әййемнен Сырдарья бойларында мәканлап келген жергиликли этникалық бирлеспелердиң қатламы ретинде қараймыз.

Қарақалпақ халқы гениалогиясында сақланып қалған Қаңлы ҳәм Муйтен урыўлары өзлериниң урыў таңбаларында [2. 135-138] Қаңғарлардың цимболикаларын өзлериниң этникалық белгиси ретинде сақлап келиўлери печенеглер аўқамындағы «ҳүрметке ийе болған каңғарлардың» генетикалық изи екенлигин көретуғын болса, Қабасан урыўы сыяқлы этнонимлердиң қарақалпақлар арасында сақланып келиўлеринде печенеглер конфедерациясының екинши тәрепи болған әўелги теле печенеглериниң генетикалық изин көриўге болады. Булар бизге қарақалпақлар этногенезинде қатнасыўшы печенеглер дәўириндеги еки компоненттиң де «изсиз жоғалып кетпегенлигин» тастыйқлаўға имканият береди. Керисинше, бул сол С.П.Толстовтың болжам қылған қарақалпақлардың этногенезиндеги дәслепки бириктириўши баслама болғанлығын ҳәм усы уйытқының этирапына кейинирек, X–XII әсирлерде басқа да этникалық группалар бирлесип, бүгинги қарақалпақ халқын қәлиплестиргенлигин көремиз. Бул схемасы рус жылнамаларында печенеглер орталығында «Черные клобуки» [9. 22–25] атамасы менен пайда болған этникалық бирикпениң қалайынша жүзеге келгенлигин түсиндириў ушын да дурыс келеди. Екинши тәрепинен, бул қарақалпақлар этногезиниң этникалық ядросының бизлер айтып отырған печенеглер дәўиринде, печенеглердиң батысқа қарай көшпесинен алдын қәлиплескенлиги ҳаққында тезисимизди де мақуллайды ҳәм соның менен бирге буның дәлилин тереңлестирип, және бир тәрепинен қарақалпақ этнониминиң де сол дәўирде пайда болғанлығын көрсетеди.

Арал бойы археологиялық изертлеўлер нәтийжелери де[8. 142–150], соңғы ўақытта жүргизилген генетика илими нәтийжелери де[3. 369–374.] жоқарыда айтылған схеманы, яғный қарақалпақлардың халық ретинде қәлиплесиўинде Арал әтирапларында әййемнен баслап жасап келген этнослардың шынжыры печенеглер дәўиринде үзилиске ушырамастан, усы дәўирдеги бул орталыққа жаңадан кирип келген түркий қәўимлери менен синтези иске асқанлығын көрсетеди. Яғный басқаша айтатуғын болсақ, қарақалпақлар этногенезинде дәслепки этникалық өзекти қәлиплестириўши урыўлар конфедерациясы сыпатында әҳмийетке ийе болған печенеглер өз гезегинде қурамалы этникалық ситемадан туратуғынлығы айқынласып, шығыстан келип қосылған теле қәўимлери қурамында келген печенеглер Арал бойларына келиўи менен, бул жердеги ел менен араласып жаңа этникалық сыпатқа ийе болғанлығын көремиз.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Бичурин Н. Я. (Иакинф). Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. — М.-Л.: Изд-во АН СССР, 1950. — Т. 1. — С. 214–216
2. Давлетияров М.М. Печенег- Қаңғарлар //Вестник Каракалпакского Государственного Университета 2023, Спец выпуск.
3. Дамгаард П. и др. 137 древних геномов человека из евразийских степей // Nature. — 2018. — № 557. — С. 369–374.

4. Жданко Т.А**.** Очерки исторической этнографии каракалпаков М.-Л. 1950
5. Камалов С.К. "К вопросу формирования каракалпакского народа", Вестник КК ОАН РУз.
6. Кляшторный С. Г. Древнетюркские рунические памятники как источник по истории Средней Азии. — М.: Наука, 1964.
7. Константин Багрянородный Об управлении империей: Текст, перевод, комментарий / Под ред. Г. Г. Литаврина, А. П. Новосельцева. — 2-е изд., испр. — М.: Наука, 1991. — 496 с.
8. Левина Л. М. Этнокультурная история Восточного Приаралья. Джетиасарская культура. —М.: Восточная литература, 1996.
9. **Плетнёва С. А.** Древности черных клобуков // Свод археологических источников. — М.: Наука, 1973. — Вып. Е1-19.
10. Путешествие Ахмеда ибн-Фадлана на Итиль / Пер. и коммент. А. П. Ковалевского. — М.-Л., 1939.
11. **Толстов С.П.** Тезисы докладов /Советская этнография т. VI-VII, 1947.
12. **Chou shu** (История династии Чжоу). — Beijing: Zhonghua shuju, 1959. — Vol. 50 (Раздел «Тюрки» / Liezhuan).
13. Liu Mau-tsai. Die chinesischen Nachrichten zur Geschichte der Ost-Türken (T'u-küe). — Wiesbaden: Otto Harrassowitz, 1958. — Bd. I. — S. 127–128, 451.

**Annotatsiya:** Maqola qoraqalpoq xalqi etnogenezida bijanaklar (pecheneglar) etnik konfederatsiyasining tutgan o'rnini aniqlashga bag'ishlangan. Ishda bijanaklar haqidagi zamonaviy tarixiy qarashlar ko'rib chiqiladi; shu bilan birga, hozirgi istoriografiyada ular ko'pincha Yevroosiyo dashtlarini shiddat bilan bosib o'tgan shunchaki «tranzit» etnos sifatida talqin qilinishi qayd etiladi. Muallif bijanaklarning Sirdaryo va Amudaryo havzalaridagi tarixi, shuningdek, unga qadar bo'lgan davr tadqiqotchilar e'tiboridan ko'p hollarda chetda qolayotganini ta'kidlaydi.

**Kalit so'zlar:** etnogenez, qoraqalpoqlar, bijanaklar (pecheneglar), tele, Qang'yuy, Sirdaryo, Kerder madaniyati, genetika.

**Аннотация:** Статья посвящена определению роли этнической конфедерации печенегов в этногенезе каракалпакского народа. В работе рассматриваются современные исторические представления о печенегах, при этом отмечается, что в современной историографии они зачастую рассматриваются лишь как «транзитный» этнос, стремительно пересекший евразийские степи. Автор подчеркивает, что история печенегов в бассейнах Сырдарьи и Амударьи, а также предшествующий этому период, зачастую остаются вне поля зрения исследователей.

**Ключевые слова:** этногенез, каракалпаки, печенеги, теле, Кангюй, Сырдарья, Кердерская культура, генетика.

**Abstract:** The article is devoted to identifying the role of the Pecheneg ethnic confederation in the ethnogenesis of the Karakalpak people. The study examines current historical perspectives on the Pechenegs, noting that modern historiography often treats them merely as a "transient" ethnic group that rapidly migrated across the Eurasian steppes. The author points out that the history of the Pechenegs in the Syr Darya and Amu Darya basins, as well as their history prior to this period, has often been overlooked by historians.

**Key words:** ethnogenesis, Karakalpaks, Pechenegs, Tele, Kangyu, Syr Darya, Kerder culture, genetics.